

**ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER (ASTS) GASAL
TAHUN PELAJARAN 2023-2024**

Mata Pelajara : Bahasa Jawa Hari / Tanggal : Senin, 16 Oktober 2023
Kelas : VII (Tujuh) Waktu : 07.30 – 09.00

A. Pilihana wangsulan kang bener kanthi tilit lan menehi tandha (X) ing aksara A, B, C, utawa D!

“Pinuju dinten preinan sekolah, kula sakanca dipunirid Bapak/Ibu guru karyawisata dateng pelabuhan Semarang, seneng-seneng ngiras pados indhaking seserepan.”

1. Teks cerita kasebut kalebu
- teks narasi
 - teks argumentasi
 - teks deskripsi
 - teks eksposisi

“Pinuju dinten preinan sekolah, kula sakanca dipunirid Bapak/Ibu guru karyawisata dateng pelabuhan Semarang, seneng-seneng ngiras pados indhaking seserepan.”

2. Saka pethikan ukara ing nduwur tembung “dipunirid” kalebu tembung
 - A. lingga
 - B. andhahan
 - C. rurabasa
 - D. panyilah
3. Teks narasi kaperang dadi 3, salah sijine yaiku pengarang wiwit ngenalake paraga crita, kapan dumadine crita utawa kedadean crita. Uga biasane diarani
 - A. resolusi
 - B. komplikasi
 - C. orientasi
 - D. formasi

Mau esuk, Alhamdulillah aku tangi gasik sadurung adzan subuh, aku engggal-enggal wudlu lan sholat fajar. Ora ganti suwe adzan ngumandang, aku banjur sholat subuh, dzikir sedhela, lan dakwaca Qur'an tinggalane bapakku.

4. Teks narasi kang menehi katrangan lugu utawa apa anane saengga pamaca mangerteni prastawa kaya crita ing ndhuwur kasebut yaiku teks narasi
- A. baku
- B. naratif
- C. sugestif
- D. ekspositoris

Pethikan crita ngisor iki kanggo soal no 5-7

Kedadayan iki dakalami nalika aku lan kulawargaku jagong bareng menyang Bantul. Bantul iku ana ing daerah Yogyakarta. Dina minggu esuk, aku lan kulawarga uga sedulur liyane rame-rame ngiring manten menyang Yogyakarta. Sing melu wong

akeh banget antarane Aku, Bapak, Ibu, Mas Mabur, Pakdhe, Budhe, anake pakdhe, lan sedulur liyane.

Budhal saka omah jam pitu esuk. Banjur tekan Bantul jam 10. Bubar acara, banjur mampir menyang Pesisir Depok. Amarga saka ngiring manten, mula ya para ibu ibu padha gawa sandhal jinjit. Banjur sandhal jinjit mau padha dicopot nalika ing pesisir, ndadekake padha cekoran. Ana ing kana swasanane nyenengake banget. Hawane seger lan angine sumilir. Sanadyan hawane panas nanging ora krasa panas. Ing kana aku mlaku- mlaku ing pinggir pesisir karo Mas Mabur.

5. Saka pethikan crita kasebut, Ukara kang nggunakake tembung kang oleh ater-ater hanuswara yaiku ...
 - A. Ana ing kana swasanane nyenengake banget
 - B. Banjur sandhal jinjit mau padha dicopot
 - C. Kedadeyan iki dakalami
 - D. Aku dijak lunga plesiran
6. Saka pethikan crita kasebut tembung kang oleh ater-ater tripurusa yaiku ...
 - A. Ana ing kana swasanane nyenengake banget
 - B. Ing kana aku mlaku- mlaku ing pinggir pesisir karo Mas Mabur.
nyang lan umpamane
 - C. Banjur sandhal jinjit mau padha dicopot
 - D. Bubar acara, banjur mampir menyang Pesisir Depok.
7. Irah-irahan kang pantes kanggo wacan ing nduwur yaiku ...
 - A. Preinan ing kutha Depok
 - B. Tsunami ing Depok
 - C. Padepokan
 - D. Dolan menyang pesisir Depok
8. Cerita rakyat yaiku cerita kang asipat lesan, kang tumurun dipercaya dening wong-wong wiwit nenek moyang nganti saiki. Ing cerita rakyat ana cerita fiksi lan non fiksi. Cerita fiksi umpamane yaiku cerita kang ana sesambungane karo asal usul dumadine papan panggonan kang biasane diarani ...
 - A. sage
 - B. fabel
 - C. legendha
 - D. mite
9. Gatekna pangerten unsur intrinsik cerita ing ngisor iki!
 1. Alur yaiku lumakune cerita
 2. Latar/setting iku ana 5
 3. Cerita narasi titikan utamane ana paragane
 4. Unsur cerita rakyat mung ana unsur intrinsikPranyatan ing ndhuwur kang bener yaiku ...
 - A. 2
 - B. 1
 - C. 4
 - D. 3
10. Ibu saweg peken, sasampunipun ibu badhe masak. Lajeng bapak dipun aturi dhahar, ibu inggih lajeng dhahar uga, kula lan adhi kula ugi tumut ...
Tembung kang pas kanggo njangkepi ukara yaiku ...
 - A. nedha
 - B. maem
 - C. dhahar
 - D. angrahabi

11. Ukara ing ngisor iki kang nganggo ngoko alus yaiku
- Bapakku tindak gasik bareng aku mangkat sekolah.
 - Ibu saweg masak.
 - Kula badhe sowan dalemipun bu guru.
 - Budhe maringi angsal-angsal saking kangge kula.

Bandung Bandawasa duka dhateng Rara Jonggrang, lajeng Bandung Bandawasa ngesabda Rara Jonggrang dados patung kangge njangkepi sewu candi.

12. Karangan ing ndhuwur minangka pungkasan crita kang asipat sad ending, mula diarani perangan narasi
- orientasi
 - komplikasi
 - resolusi
 - solutif
13. Cerita kang dilakoni awake dhewe lan nabet ing ati bakal angel dilalekake diarani cerita... .
- cerita novel
 - cerita legendha
 - cerita pengalaman pribadi
 - cerita fable

Bandung Bandawasa duka dhateng Rara Jonggrang, lajeng Bandung Bandawasa ngesabda Rara Jonggrang dados patung kangge njangkepi sewu candi.

14. Narasi ing ndhuwur kalebu jinis narasi
- inovatif
 - statis
 - ekspositoris
 - sugestif
15. Gatekna pratelan penting ing ngisor iki!
- rekreatif
 - didaktif
 - efisien
 - komunikatif
 - estetis
 - moralitas

Pratelan ing ndhuwur kang kalebu kagunan crita rakyat yaiku

- 1,2,3,4
 - 1,2,5,6
 - 3,4,5,6
 - 3,4,5,2
16. Wenehana tandha centang (V) ing kolom B (Bener) lan S (Salah) ing pranyatan sing njlentrehake pituduh cara nulis pengalaman pribadi !

Pranyatan	Bener	Salah
Ora diweruhi sapa sejatine kang nganggit		
Dianggep nduweke sawijining wong		
Ora ana owah-owahan sing wigati saka jaman biyen nganti jaman saiki		
Nemtokake gaya basa		

17. Wenehana tandha centang (V) ing sangarepe irah-irahan dongeng kang kalebu fabel !

	Dongeng Nyai Rara Kidul
	Dongeng Kancil

	Dongeng Jaka Tingkir
	Dongeng Manuk Gagak

18. Wenehana tandha centang (V) ing sangarepe irah-irahan dongeng kang kalebu mitos !

	Dongeng Nyai Rara Kidul
	Dongeng Nyai Blorong
	Dongeng Jaka Tingkir
	Dongeng Manuk Gagak

19. Wenehana tandha centang (V) ing sangarepe pranyatan kang njlentrehake isine cengkorongan crita pengalaman pribadi !

	Kapan lan ing ngendi kedadeyane.
	Sapa wae kang ngalami
	Kepriye nemtokake klimaks
	Kedadeyan/ prastawane

20. Wenehana tandha centang (V) ing kolom B (Bener) lan S (Salah) ing pranyatan sing njlentrehake pituduh cara nulis pengalaman pribadi !

Pranyatan	Bener	Salah
Nemtokake topik		
Gawe cengkorongan		
Cengkorongan mau dikembangke		
Nemtokake gaya basa		

21. Unsur-unsur intrinsic ing crita rakyat yaiku

- A. Tema, alur, latar/setting, paraga lan amanat
- B. Tema, pengarang, latar/setting, paraga lan amanat
- C. Tema, alur, latar/setting, paraga lan perwatakan
- D. Tema, alur, latar/setting, sudut pandang, paraga lan amanat

22. Karangan kang nyritakake sawijining prastawa adhedhasar urutan wektu diarani karangan... .

- A. narasi
- B. dheskripsi
- C. eksposisi
- D. argumentasi

23. **Mangkat sekolah numpak motor.** Ukara kasebut yen ditulis nganggo aksara Jawa nggunakake sandhangan swara apa wae ?

- A. pepet, taling tarung suku, wulu.
- B. pepet, taling tarung suku.
- C. taling, taling tarung suku, lan wulu.
- D. taling, taling tarung , wulu lan suku.

24. Dumadine Rawa Pening, Asal mulane Lemud, kalebu crita rakyat

- A. fabel
- B. legendha
- C. sage
- D. mithe

25. Kang kalebu sandhangan swara yaiku

- A. layar, cecak pepet
- B. wignyan, layar, pangkon
- C. wulu, suku, taling, pepet lan taling tarung
- D. wulu, suku, taling, pepet lan layar

